TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 26

KUKURA KUNOITA ZVAKAIPA

Pandaive mwana ndakamboyambirwa kuti ndinofanira kuronga michero zvakanaka. Taiisa michero payaizochengeterwa kuti tigoishandisa mumazuva echando. Hapana muchero wainge wakaora parutivi waisanganiswa nemuchero wakanaka. Baba vangu vaiziva kuti mukasanganisa muchero wakanaka newakaora. Kakuora aka kaizooresa michero yakanaka. Izvi zvakangofananawo nezvinoitika kuvanhu. Unozviziva here? Tinogona kushamisika nhasi kuti nemhaka yei zvakaipa zvakatekeshera pasi rino rese. Tinotonetseka kuti zvakaipa izvi zvichatora nguva yakareba zvakadii zvichingopararira. Zvinongofanana nekuodzwa kunoitwa michero yakanaka nemichero yakaipa.

Pasi chigare pasi pasati parohwa nenyundo pane chimwe chiitiko chakaitika. Chiitiko ichi chinogona kutidzidzisa kuti zvakaipa zvinokura sei uye kuti nemhaka yei? Dzidziso iyi inowanikwa muna Genesi 6:4-7.

4.VaNefirimu vakanga vari panyika mumazuva iwayo, uyewo mushure maizvozvo vanakomana vaMwari vakapinda kuvasikana vavanhu vakaita vana navo. Vakanga vari mhare dzakare vanhu vaiva nomukurumbira. 5. Jehovha akaona kuti kuipa kwomunhu panyika kwakanga kuri kukura sei, uye kuti ndangariro dzomwoyo wake dzakange dzakaipa bedzi nguva dzose. 6. Jehovha akazvidemba kuti akange aita munhu panyika uye mwoyo wake

wakazara nokurwadziwa. 7.Saka Jehovha akati, "Ndichabvisa vanhu pamusoro penyika ivo vanhu vandakaisa, vanhu nemhuka nezvisikwa zvinokambaira pamusoro pevhu neshiri dzedenga nokuti ndinozvidemba kuti ndakazviita. Pano tinowana tsananguro ine PFUNGWA pamusoro pevanhu. Inotiudza mamiriro ezvinhu anozotibatsira kuti tione kuti zvakaipa zvinokura sei. Ndinoda kuti unyatsoona nekuti pane pfungwa dzandave kuda kukupa.

Kwaive nevarume vahombe. Pakaita kuroorana pakati pevanakomana vaMwari nevanasikana vevanhu. Heino tsananguro yangu yezvakaitika. Vanakomana vaMwari vakange vari vedzinza revanhu vaitya Mwari. Mwanakomana waAdamu ainzi Seti ndiye munhu wekutanga werudzi urwu rwunotya Mwari. Vanasikana vevanhu ndinovatsanangura sevedzinza raKaini uyo akaponda munin'ina wake. Saka paive nekuroorana pakati pevanhu vamwari nevanhu vakange vasiri verudzi rwainzi rudzi rwevanhu. Saka zvakabuda mukuroorana uku ndezve kuti pakazvarwa mazivanhu makuru. Rudzi rwehofori dzevanhu. Panototanga mundima 4 pachiti, "VaNefirimu vakanga vari panyika mumazuva iwayo."

Ndinotoona kuti vanhu vakuru vairerekera kuhudzvanyiriri zvinoita sekuti mutumbi mukuru unoita fanike musungo kune vanhu. Pane zvaitaurwa kare pamazuva atakakura kubva pahudiki. Zvaitaurwa nechikonzero chekuti ini handina kumbokura zvekuva hofori yemumurume. Kwainzi, Mukuru mukuru hanga haigare bvunde. Ibasa remunhu mudiki kuti azviratidze.' Saka zvinoita sekuti mazivanhu epanyika aya aibva mudzinza revanhu vaMwari vakatendeukira kuzvinhu zvakaipa. Zvaiita sezambiringa munyemba.

Nhoroondo inotidzidzisa kuti muchero wakaora kana zvikasanganiswa. Kwaivewo nevanhu vakaipa. “Jehovha akaona kuti kuipa kwomunhu panyika kwakanga kuri kukuru sei, uye kuti ndangariro dzomwoyo wake dzakange dzakaipa bedzi nguva dzese.” Genesi 6:5 ndinofunga kuti Mwari vakashamisika uye vakazvidemba. Tinoudzwa kuti izvi hazvina kufadza Ishe. Hukuru uhu hwakakonzeresa zvivi zvakasiyana siyana. Humhondi nehumbavha nehupombwe. Zvese zvemhando iyi. Hukuru panyama hwakakonzeresa mhando dzakasiyana siyana dzezvinhu.

Asi tinoona kuti vanhu ava Havana kungoita mabasa ezvivi asi akavawo nehunhu hwezvivi. Nechikonzero chekuti ndangariro dzemoyo wemunhu dzakange dzakaipa bedzi nguva dzese. Vanhu ava havana kungoita zvivi bedzi asi moyo yavo yainge ichifungisisa mazano ekuita zvivi. Vainge vachitoronga zvimwe zvivi zvekuita. Vainge vachitoronga humwe huipi. Zvinoita sekuti Havana kana pfungwa tsvene yaimbovapinda. Madziva makuru ehutsvina ndiwo ainge akazara mundangariro dzemoyo yavo.

Iye zvino ndave kuenda kune dzimwe ndima mumagwaro mubhuku raMapisarema. Mundima umu ndinoona chimwe chinhu pamusoro pemunhu. *“Benzi rinoti mumwoyo maro , hakuna Mwari.” Vakaora mabasa avo akashata, hakuna anoita zvakanaka. Jehovha ari kudenga anotarira pasi pamusoro pavanakomana vavanhu, kuti aone kana aripo anonzwisisa naani zvake anotsvaka Mwari. Vose vakatsauka vose pamwechete vakasvibiswa, hakuna anoita zvakanaka, kunyange nomumwe.”*

Tikadzoka kubhuku raGenesi tinoyeuchidzwa kuti Bhaibheri rinoti “Jehovha akaona kuti kuipa kwomunhu panyika kwakanga kuri kukuru sei uye kuti ndangariro dzomwoyo wake dzakanga dzakaipa bedzi nguva dzese.” Kwaive nevanhu vakaipisisa. Mwari haana kufadzwa nehuipi hwevanhu ava. Chisikwa chepamusoro soro chakange chasikwa naMwari chaingove pasi paMwari bedzi. Chisikwa change chasikwa nemufananidzo waMwari chakasarudza kupandukira kuda kwaMwari. Chakasarudza kupikisana naMwari. Kurwadziwa kwakaitwa naMwari nechivi chemunhu kunofanira kutidzidzisawo kurwadziwa nechivi chedu. Mwari vakarwadziwa kuti munhu akabva pedyo naMwari akaenda kure kure naMwari.

Mwari havaigona kutarisira chivi ichi pasi nokuti ivo vatsvene. Mwari havagoni kutarisa chivi vasingachitongi. NdiMwari vakarurama. Zvakaipa zvinofanira kutongwa hama yangu. Asi ndataura kudai rega nditiwo nekukurumidza ndiMwari vane tsitsi. Vanoda kuti tese tiende kwaari. Dai vanhu vakaipa ava. Dai vanhu vezvivi ava vakapupura zvivi zvavo nekutendeuka vachiuya kunaShe, Iye angadai akaveregerera. Asi ivo havana. Vaive vanhu vakaipisisa saka Mwari akavapa mutongo wavo.

Kuparadzwa kwechivi ndicho chinhu bedzi Mwari chavaikwanisa kuita. Vaitofanira kudaro nekuti ndiMwari vatsvene vakarurama. Zvakaipa zvinofanira kubviswa zvachose. Uri kuzviona here kuti haasi munhu chete akatongwa asi kuti mhuka dzese nezvinokambaira zvese neshiri dzedenga. Chinhu chese chakabatwa nezvakaipa chakapihwawo mutongo.

Pane mumwe munhu akazvitaura achiti, “Hakuna anoparadzwa nekururama kwaMwari kunze kweavo vanovenga kunatswa nenyasha dzaMwari” Ndinofara kukuudza kuti nyasha dzaMwari dzakakwanira iwe neni kana tikatendeukira kwavari. Zvakaipa zvinokura kana vanhu vakuru vachidzvanyirira vaduku. Kana vanhu vane mukurumbira vachitora simba ravainaro voriisa mumaoko mavo ndipo panokura zvakaipa. Zvakaipa zvinokura kana vanhu vachitora pfungwa dzavo nendangariro dzavo dzakaipa vodziita. Zvakaipa zvinokura kana vakaipa vachiramba nyasha dzaMwari. Ndiri kukumbira iye zvino kuti ugamuchire nyasha dzaMwari